Ñetteelu bataaxal bi Yàlla may

YOWAANA,

mu bind ko

1 Man njiit li, maa ngi lay bind, yaw sama xarit Gayus, mi ma
bëgg ci sama xol.
2 Sama soppe, maa ngi ñaan, Yàlla may la jàmm ci lépp, ànd
ak wér-gi-yaram, ju mel ni sa naataangeg xol. 3 Sunuy bokk ñëw
nañu te seede ni nga fonke dëgg gi, ba wéer ci sa dund gépp, te
bég naa ci lool. 4 Awma mbég mu ëpp lii : ma dégg ne samay
doomi diine ñu ngiy jaar ci tànki dëgg.

Ñi ànd ci liggéey bi ak ñi ci àndul

5 Yaw sama xarit, sa takkute fés na ci teeru bi ngay teeru bokk
yi, te fekk xamoo léen. 6 Seedeel nañu sa mbëggeel fi kanam
mbooloom ñi gëm. Taxawu léen nag ci seen yoon taxawu gu
neex Yàlla. 7 Ndaxte turu *Kirist la léen taxa jóg, te sàkkuwuñu
daray ku gëmul. 8 Nun nag fàww nu teeru ñu mel ni ñoom, ngir
nu ànd ak ñoom liggéeyal dëgg.
9 Bind naa mbooloo mi bataaxal, waaye Joteref, mi bëgg not
ñépp, du dégg sunu ndigal. 10 Kon nag su ma ñëwee, dinaa fàttali
li mu def lépp, ci di nu sosal ci kàdduy neen yu ñaaw. Yemu
foofu sax, waaye nanguwula teeru bokk yi, rax-ca-dolli ku léen
bëgga teeru, mu gàllankoor ko, dàq ko ci mbooloo mi.
11 Sama xarit, bul roy lu bon, waaye lu baax rekk. Kuy def lu
baax, ci Yàlla nga bokk ; kuy def lu bon, xamoo dara ci Yàlla.
12 Naka Demetirus nag, ñépp seedeel nañu ko lu baax, te dëgg
gi ci moom sax seedeel na ko ko. Nun itam seedeel nanu ko te
wóor na ma ne sunu seede dëgg la.
13 Am na lu bare lu ma la bëggoona wax, waaye lépp xajul
ci kayit. 14 Kon yaakaar naa laa seetsi balaa yàgg, jàkkaarlook
yaw, nu waxtaan ci.
15 Yal na jàmm ànd ak yaw. Xarit yi yépp ñu ngi lay nuyu.
Nuyul nu sunuy xarit, kenn ku nekk ci turam.